

Aprè –
Segondè

Kolèj Ane yo Yon Post-Segondè Lis sou lis la

Li pa janm twò
bonè yo kòmanse
reflechi sou lavni
an

Konpliman! Pitit ou a rive atenn pwochen nivo nan edikasyon li avèk siksè. Kounye a, kòman w ap ede li navige avèk siksè nan chemen li nan ane sa yo k ap vin pi konplike de jou an jou? Lis verifikasyon sa a kapab ede w sipòte elèv la nan mitan travay di li gen pou li fè; konsa, l ap kapab reyalize rèv li.

Kontinye avanse



Angaje avèk ou
elèv sou yo
pwogrè akademik!

Kontinye avanse- Kounye a se pa lè pou w ralanti ✓

- Ankouraje elèv la pou li fè byen lekòl – nòt yo enpòtan pou lavni epi yo kapab enfluyansè ed finansye li.
- Ankouraje elèv la pou li vin abitye ak pwofesè yo.
- Ankouraje l li ak plezi.
- Raple l ki enpòtans abilite nan bon kominikasyon oral ak ekri genyen.

Poze aksan sou enpòtans sa genyen pou w pran risk ✓

- Ede elèv la tabli objektif akademik ak pèsònèl pou ane a pou li kapab rete konsantre epi motive.
- Pale sou fason pou li fè fas ak difikilte.
- Ankouraje elèv la pou li pran yon klas ki pa gen rapò ak karyè oswa pwogram li.
- Diskite ak pitit ou pou wè si li enterese ale etidye aletranje.

Pran Klas ki pi Nesesè yo Enpòtan Anpil ✓

- Souliye enpòtans pou w rankontre ak yon konseye pou w kapab fè sèten elèv ou pran klas ki nesèsè yo pou konplete yon degre bonè.
- Si elèv la ap fè plan pou transfere nan kolèj, fè li tcheke pou wè si klas l ap pran yo ap transfere avèk li tou.
- Si elèv la ap fè plan pou ale fè yon metriz, sa enkli lekòl dwa, biznis oswa lekòl medikal, fè li chèche konnen ki klas ki obligatwa pou admisyon. Yo kapab pa obligatwa pou domèn detid pitit ou a; se pou sa l ap bezwen planifye pou pran lòt klas.

Devni ak rete òganize ✓

- Elèv la jere pwòp tan li. Sijere yon ajanda dijital (elektwonik) oswa papye pou ede l konsève nòt li.
- Raple elèv la pou l li pwogram kou yo (syllabus) pou chak kou epi pran nòt sou sa lè yo pwograme gwo pwojè oswa egzamen yo.
- Ankouraje elèv la pou li kenbe nòt ak papye li yo òganize nan yon klasè oswa yon sistèm sou entènèt.
- Raple elèv la pou li kreye oswa revize rezime li ki enkli aktivite kolèj, travay ak rekonpans.

Prepare epi pran tès admisyon nan yon lekòl pou fè yon metriz ✓

- () Si pitit ou enterese pou antre nan yon lekòl pou fè yon metriz, lekòl medikal, dwa oswa lòt pwogram pwofesyonèl, yo kapab bezwen pran yon egzamen dantre avan yo aplike.
- () Raple elèv la pou li tcheke dat limit pou pwogram oswa egzamen espesifik li ta renmen pran.



Patisipe ak Angaje ou ✓

- () Rekòmande elèv la pou li eseye yon bagay nouvo epi pratike abiltè lidèchip pandan l ap antre nan gwoup elèv ak aktivite kominotè, sèvi kòm volontè nan òganizasyon epi fè yon travay akoutèm.
- () Tcheke anpil sèvis sipò ki disponib nan kolèj elèv la.
- () Ede elèv la planifye pou sezon lete, epi konsidere klas, estaj ak yon djòb.

Pase tan ak bon moun ✓

- () Mande pou zanmi pitit ou nan lekòl la. Pale ak yo konsènan zanmi ki pataje objektif ak enterè positif.
- () Montre ou sipòtif pandan w ap kominike regilyèman ak voye pake ankourajman.
- () Fè nouvo zanmi ak ajiste ak kote ou pa konnen kapab yon bagay ki difisil. Li nòmal pou elèv yo sonje lakay yo.
- () Ankouraje elèv la jwenn ak gwoup elèv oswa yon patnè pou etidye ansanm.
- () Mande elèv la si, posiblerman, li genyen: gid pwofesè, konseye, antrenè, lòt granmoun li fè konfyans oswa elèv ki pigran pase l li kapab pale avèk li.
- () Ankouraje elèv la pou li bay bon egzanj epi konseye lòt elèv.

Moun ki fè pati vi pitit ou enpòtan

Eksplòre chwa karyè yo ✓

- () Pale ak elèv la konsènan objektif li pou lavni epi raple li pou l vizite sant karyè a pou li jwenn opòtinite sèvis volontè oswa estaj, jwenn èd ak rezime (CV) li, entèvyou ak rechèch travay. Sijere li pou l ale nan yon ekspozisyon djòb.



Transfere nan kolèj oswa lekòl pou fè yon metriz ✓

- () Revize avèk elèv la sou sa ki enpòtan pou li nan yon kolèj.
- () Ankouraje elèv la pou li devlope yon lis kolèj ak inivèsite li enterese epi ki gen pwogram oswa domèn etid li vle a.
- () Raple elèv la pou li chèche konnen obligasyon pou admisyon epi kreye yon lis ki gen dat limit pou kolèj yo; sa enkli nenpòt egzamen dantre nan nivo metriz k ap obligatwa pou li pran.
- () Chèche konnen lis kolèj elèv la prefere.

Planifye sou kijan ou pral peye pou kolèj oswa lekòl ki ofri degre metriz. ✓

- () Pale ak elèv la konsènan jere pri (lajan) kolèj li.
- () Raple elèv la li dwe reaplike pou FAFSA (èd finansye) chak ane.
- () Ankouraje elèv la pou li aplike pou bousdetid.
- () Ede pitit ou kreye yon bidjè epi jere kijan lajan an ap depanse.
- () Ede pitit ou a konprann zafè prete lajan an (*Student Loan*).

